# Li nga wara xam ci mbirum Asil

**Lan mooy Asil? Asil ab tolluwaayu yoon la buy tax nga mëna dëkk te liggéey ci Etats-Unis. Mën nga bindy ngir ñaan asil sudee da nga ragala dëkk ci sa réew ndax dañ lay topp (ñu lay fitnaal ci anam bu garaaw). Soo defee benn at ci statut wu asil, di nga mëna bindu ngir ab green card (permis dëkkuwaay bu yoon nangu).**

## Nan laay mëna nekkee ku mëna ñaan asil?

**Ngir mëna ñaan asil, da nga waral firndeel yile mbir:**

- **Da nga ragala dëkk ci sa réewum cosaan** ndax dañ la doon topp (dila mettital bu baax) bu yagg wala ni mën nañ la topp ëlëg
- **Da nga ragal ndax sa:** (1) xeet, (2) diine, (3) réewum cosaan, (4) li nga bokk ci ak kuréelu askan (ci misaal, mu àju ci sa xeetu awra wala sa njabóot), wala (5) sa xalaat ci wallu polotik. Da nga wara wone ni benn ci yile mbir mooy li waral ñu nar la topp.
- **Da nga wara firndéel ni mettital bi ngay dafa wara bawoo ci** nguur gi nekk ci sa réew wala kuréelu nit bu nguur gi mënul wala bëggul tere ñu tooñ la (lu mel ni ku bokk ci ab njabóot wala ci ab gang).

## Sudee dama ragala dëkk ci sama réew, ndax amna ay mbir yima mëna bindu?

**Waaw. Mën nga biindu itam ngir: baña sori ak indi ay saafara dëppook Deggoo ngir xeex mettital (CAT).**

- Nit yu mënul am asil mën nañu am ci yile.
- Suñ la nangulee ñaari bindu yii yépp, do mëna nekk nit kuy mëna dëkk ci diir bu yàgg (kuy am green card) bi bile doxaliin.

## Nan laay bindoo ngir ñaan asil?

Ngir bindu ngir ñaan asil, yonneel ab Formileeru I-589, bi nga mëna yebbi ci daluwebu U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS) (www.uscis.gov/I-589).
Amul fay ngir bindu ngir ñaan asil.

## Kañ laa wara bindu?

- Da nga wara bindu ngir ñaan asil ci digante 1 at bi nga aksee Etats-Unis.
- So bindoo ngir ñaan asil bi nga fi dëkkee lu ëpp 1 at, da nga wara wone ni dëppoo nga ak ab exception ci sàrtu 1 at te nga yonnee ko numu gëna gaawee. Sàrtu 1 at bi du jëfee ci teyandi bi wala ci CAT.

## Luy xew sudee dama ragala dellu ci réew mi ma cosaano? Ndax war na wax ba tey ak ab awokaa?

Sudee ragaloo dellu ci sa réew, wala dundulo mettital gu tar ci jamono yi weesu, duñ la nangul nga ñaan asil, teyandi wala CAT. Waaye, lu am solo la nga wax ak ab awokaa ngir xool ndax mën nga am beneen xeetu statut wu imigere.

Jangleen ngir am yeneeni xibaar

legalaidnyc.org/newarrivals

THE LEGAL AID SOCIETY